

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Kasang tukang anu dijawab dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan unsur kabudayaan masarakat désa Gudang Kahuripan, runtuyan sarta prak-prakan tradisi upacara ruwatan lembur di Désa Gudang kahuripan, nataan alat sarta bahan anu dipaké dina tradisi ruwatan lembur di Désa Gudang Kahuripan, analisis simbol-simbol anu kapanggih dina tradisi upacara ruwatan lembur di Désa Gudang Kahuripan numutkeun tiori Charles Sanders Peirce, sarta larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran bahasan budaya di kelas XI SMA.

Metodeu anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metodeu deskriptif, hartina medar hasil panalungtikanana ku cara ngadésripsikeun dina wangun narasi. Téhnik dina ngumpulkeun jeung ngolah datana ngaliwatan studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Anapon instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara, catetan lapangan, hp, jeung kaméra.

Sabada panalungtikan, kapaluruh unsur-unsur budaya anu aya di masarakat désa Gudang Kahuripan, diantaranya waé (1) upacara-upacara kaagamaan anu masih kénéh dilaksanakeun ku masarakat; (2) sistem pangaweruhna ngeunaan itung-itungan waktu, jeung atikanana; (3) sistem kekerabatan masarakat anu diébréhkeun ngaliwatan gotong royong; (4) basa anu dipaké dina kahirupan sapopoé, nya éta basa Sunda; (5) kasenian tradisional anu masih kénéh dilaksanakeun ku masarakat, saperti calung, jaipongan, kuda lumping, kosidahan, angklung, pencak silat, kaulinan barudak, debus, jeung upacara adat; (6) pakasaban masarakat, lolobana tani sarta ngurus ingon-ingon (ternak); (7) sistem téhnologi sarta pakakas masarakat anu kiwari

Firman Munawar , 2015

*SIMBOL-SIMBOL DINA TRADISI UPACARA RUWATAN LEMBUR DI DESA GUDANG KAHURIPAN
KECAMATAN LEMBANG KABUPATEN PANGAJARAN BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

geus sarwa modern, anapon kitu masih aya kénéh anu ngagunakeun pakakas tradisional, upamana pakakas dapur jeung pakakas paragi ngolah sawah,

Tradisi upacara ruwatan lembur mangrupa tradisi anu dilaksanakeun ku masarakat Sunda sacara tutun-tumurun ti para karuhunna. Tujuan dilaksakeunna ruwatan lembur téh nya éta pikeun ngarawat lembur sangkan jauh tina mamala, salaku bentuk rasa sukur ka Nu Maha Kawasa tina sagala kani'matan hirup nu salila ieu geus karandapan, salaku cara pikeun miéling rasa hormat kana jasa-jasa karuhun baheula, jeung salaku wadah pikeun silaturahmi antar masarakat. Prak-prakan tradisi upacara ruwatan lembur dina jaman baheula nya éta ku cara ngariung papada tokoh masarakat bari ngintunkeun solawat ka Kangjeng Nabi anu dibarengan ku ngukus seuseungitan (menyan), sarta nyayagikeun sasajén. Saréngséna kitu, dipungkas ku dahar babarengan sarta aya acara hiburan.

Bahan-bahan sarta kalengkepan dina ruwatan lembur téh miboga ma'na séwang-séwangan. Ieu hal bisa dipaluruh ogé ngaliwatan ulikan sémiotik. Dina sémiotik, tanda kabagi jadi tilu, nya éta indéks, ikon, jeung simbol. Ieu panalungtikan museur kana simbol-simbol anu aya dina éta upacara. Sabada maluruh data hasil panalungtikan, kapanggih aya aya 25 simbol dina ieu ruwatan lembur téh, nya éta parukuyan, pangradinan, sisir, kaca, kendi eusi cai hérang jeung hanjuang, cai hérang, hanjuang, nyiru, mutu jeung coét, ayakan, surutu, bubur opat rupa, dawegan, kembang tujuh rupa, bakakak, tumpeng, rurujakan, paré geugeusan, bungbuahan, cai tujuh rupa, puncak manik, tangtang angin, rupa-rupa beubeutian, baju sapangadeg, jeung kasenian wayang.

Tina hasil analisis data ngeunaan simbol-simbol di luhur, bisa katitén yén dina tradisi ruwatan lembur téh euyeub pisan ku siloka jeung ma'na-ma'na anu ngawujud dina wangun ajén-inajén. Éta simbol-simbol téh bisa jadi pangaweruh sakaligus piwuruk ti karuhun anu hayang ditepikeun ka urang dina ngalakonan hirup di dunya, éta hal téh ditepikeun ngaliwatan aturan-aturan adat karuhun jaman baheula, saperti halna dina ieu upacara ruwatan lembur.

Firman Munawar, 2015

**SIMBOL-SIMBOL DINA TRADISI UPACARA RUWATAN LEMBUR DI DESA GUDANG KAHURIPAN
KECAMATAN LEMBANG KABUPATEN PANGAJARAN BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hasil panalungtikan ieu bisa dijadikeun minangka salah sahiji alternatif bahan pangajaran, hususna dina pangajaran bahasan budaya di SMA kelas XI. Ieu hal luyu jeung KI-KD pangajaran basa jeung sastra Sunda dina kurikulum 2013.

5.2 Implikasi

Tradisi upacara ruwaatan lembur di Désa Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat mangrupa salah sahiji upacara tradisi anu beunghar kabudayaanana sarta ngeuyeuban rupaning budaya di tatar Sunda. Ieu panalungtikan tangtu teu leupas tina bantuan masarakat salaku narasumberna. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, salah sahijina pikeun dokuméntasi kabudayaan.

Dokeméntasi kabudayaan bisa dimangpaatkeun minangka salah sahiji tarékah ngawanohkeun tradisi anu aya di tatar Sunda, hususna ka para generasi satuluyna sangkan apal jeung daék nuluykeun tradisi-tradisi anu aya di tatar Sunda. Iian ti éta, bisa dimangpaatkeun pikeun ngeuyeuban data ngeunaan tradisi budaya Sunda, sarta bisa dijieun babandingan pikeun panalungtikan ngeunaan kabudayaan séjénna.

5.3 Rékoméndasi

Ieu panalungtikan tangtu loba pisan kurangna, sabab kawatesanan ku waktu, cara ngumpulkeun data, sampel massarakat anu jadi narasumber, pangaweruh panalungtik, sarta hal-hal séjén anu patali jeung metodeu ngeunaan panalungtikan anu masih kénéh kudu dilengkepan. Kabeungharan budaya dina ieu tradisi sabenerna loba kénéh, lantaran ieu panalungtikan kawatesanan sarta museur kana hiji hal. Ku kituna, perlu diayakeun deui panalungtikan anu leuwih museur kana hal-hal séjénna pikeun ngadeudeul pangaweruh ngeunaan kabudayaan.

Firman Munawar , 2015

***SIMBOL-SIMBOL DINA TRADISI UPACARA RUWATAN LEMBUR DI DESA GUDANG KAHURIPAN
KECAMATAN LEMBANG KABUPATEN PANGAJARAN BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Salah sahiji objék anu bisa dijadikeun panalungtikan dina ieu tradisi upacara ruwatan lembur téh nya éta rupa-rupa kasenianana, saperti calung, jaipongan, kuda lumping, kosidahan, angklung, pencak silat, kaulinan barudak, debus, jrrd. Saupama panalungtikan dilaksanakeun, hasil dokuméntasi tina panalungtikanna ogé bisa dimangpaatkeun pikeun ngadeudeulan data ngeunaan kasenian di tatar Sunda.